



### Pre ak anvì tande

Chè fanmi ak kòlèg,

Nan prèske de deseni sèvis mwen an nan Lekòl Leta Vil Nouyòk (NYCPS), mwen jwe plizyè wòl; mwen te pwofesè, direktè, sipèntandan adjwen, sipèntandan pa enterim, chanselye adjwen epi kounye a mwen gen fyète kòm chanselye w la. Mwen vin tou yon paran NYCPS. Nan tout bagay sa a, mwen aprann chak pèspektiv sa yo pote yon nouvo seri ide, sijesyon, enkyetid ak kesyon nan zafè fè lekòl nou yo meyè lekòl yo kapab ye a.

Se poutèt sa mwen kontan anpil pou m demare yon seri vizit nan senk borough yo pou m tande moun, kote mwen ka tande w dirèkteman, kominote NYCPS nou an, sou eksperyans, priyorite ak opinyon w. Mwen vle tande sa k ap mache ak ki kote nou ka amelyore. Epi mwen enterese anpatikilye pou kolekte opinyon w sou twa domèn konsantrasyon mwen kwè ki enpòtan pou kominote lekòl ki solid: sekirite fizik ak emosyonèl, sipò edikatè ak kapasite fanmi. Opinyon w pral ede mete regleman ak pwogram anplas alavni nan twa domèn sa yo, epi mwen kontan anpil pou m aprann apati opinyon w.

Sesyon chita tande sa yo pral ouvri pou piblik la—nou ankouraje fanmi, elèv, estaf ak manm kominote a pou patisipe. Men orè nou pou seri vizit yo:

- 19 novanm - Manhattan

- 26 novanm - Brooklyn
- 3 desanm- Queens
- 10 desanm - Bronx
- 17 desanm - Staten Island

Tanpri ale sou sitwèb nou an [website](#) pou jwenn detay, tankou adrès, lè espesifik, sipò pou aksè nan lang ak eksplikasyon pou enskripsyon—epi ede nou simaye pawòl la! Nou tout gen opinyon ak ekspètiz ki valab epi mwen pre ak anvi tande.

Nan kolaborasyon,

Melissa Aviles-Ramos

Chanselye

**Videyo aktyalite nou an:**



Si w bezwen tradiksyon, tanpri ale sou paj [YouTube](#) nou an.

Epi men [videyo Majistra Eric Adams pou semèn lan](#). Si w enterese resevwa nouvèl ki soti dirèkteman nan Biwo Majistra a, [tanpri klike la a](#).

Suiv nou sou entènèt nan [X](#), [Facebook](#), ak [Instagram](#) pou jwenn nouvèl ki pi resan an sou NYCPS.

Fanmi NYCPS: Si w pa vle resevwa bilten nouvèl PS+You ankò, tanpri [retire non w sou lis la](#).